



KIMOUN KI KALIFYE?

REZIDAN K AP TOUCHE YON TI KRAS REVNI EPI KI:

- Fanm ansent ak tibebe;
- Timoun laj 1 a 18 tan
- Paran ak fanmi k ap pran swen timoun depandan; oswa
- Adilt ki gen 19 a 64 tran, ki pa ansent epi ki pa kalifye pou Medicare.

NY State of Health konfòme li ak lwa konsènan dwa sivil federal epi li pa pa fè diskriminasyon akòz ras moun, koulè moun, peyi kote moun fèt, si moun nan se fanm oswa gason, laj moun, oswa andikap moun nan pwogram ak aktivite sante li yo.

Yon Koutje sou Medicaid

KISA KI GARANTI?

- Sèvis pou pasyan ki entène ak pa entène nan lopital
- Sèvis klinik
- Tès depistaj bonè, dyagnostik, ak tretman pou timoun ki poko gen 21 nan nan Pwogram Sante Timoun/Adolesan an
- Medikaman, atik, ekipman medikal, ak ekipman tankou chèz woulant;
- Sèvis Laboratwa ak radyografi
- Swen prevansyon, ak swen pou dan epi tretman nan men doktè ak dantis
- Swen nan yon mezon retrèt
- Swen ajans swen sante yo ak swen pèsònèl
- Tretman nan lopital sikyatri (pou moun ki gen pi piti pase 21 nan oswa sa yo ki gen 65 kan oswa plis), sant sante mantal, ak sant pou moun ki gen reta mantal oswa andikap devlopmanal
- Sèvis Planning pou fanmi
- Sèvis transpò pou ale nan randevou medikal, tankou transpò piblik ak milyaj machin
- Transpò ijans nan anbilans pou ale lopital
- Pwodwi pou sispann fimèn tankou chiklèt ak patch

Nou gendwa pa kapab garanti sèten sèvis akòz laj, sikonstans finansye, sityasyon famiyal, oswa sityasyon lojman aplikan an. Kapab gen yon ti kopeman pou kèk sèvis. Ou p ap gen yon kopeman si ou nan yon plan swen kowòdone, sof pou yon ti kopeman pou sèvis nan famasi.

KONTAKTE NOU:

nystateofhealth.ny.gov | 1-855-355-5777 oswa TTY 1-800-662-1220

Kijan m ap fè konnen si pitit mwen kalifye pou Medicaid?

Tablo ki anba la a montre revni ou kapab resevwa chak ane epi toujou kalifye pou Medicaid.*

Nivo revni a baze selon konbyen moun nan fanmi w ki rete nan menm kay avèk ou.

Nivo Revni Anyèl pou 2017				
Kantite Moun ki nan Kay la	Paran/ Moun k ap bay Swen <i>OSWA</i> Koup Selibatè San Timoun <i>OSWA</i> Adilt laj 19 ak 20 an ki p ap viv ak paran yo	Timoun Laj 1 a 18 an	Adilt laj 19 ak 20 an ki ap viv ak paran yo	Fanm Ansent, Tibebe ki poko gen 1 an <i>OSWA</i> Moun ki kalifye pou Avantaj Planing Familyal
	138% FPL	154% FPL	155% FPL	223% FPL
1	\$16,643	\$18,573	\$18,693	\$26,894
2	\$22,412	\$25,010	\$25,172	\$36,216
3	\$28,180	\$31,447	\$31,651	\$45,537
4	\$33,948	\$37,884	\$38,130	\$54,858
5	\$39,717	\$44,322	\$44,609	\$64,180
6	\$45,485	\$50,759	\$51,088	\$73,501
7	\$51,254	\$57,196	\$57,567	\$82,823
8	\$57,022	\$63,633	\$64,046	\$92,144
9	\$62,790	\$70,070	\$70,525	\$101,465
10	\$68,559	\$76,508	\$77,004	\$110,787
Lòt Moun	\$5,769	\$6,438	\$6,479	\$9,322

* Kòmnanse 1ye janvyè 2017. Nou ka chanje Nivo Revni yo chak ane selon Nivo Pòvreté Federal la (Federal Poverty Levels, FPL).

Konbyen Medicaid koute?

Prim pou Peye Chak Mwa: Pa genyen okenn prim pou peye chak mwa pou Medicaid.

Kotizasyon nan Frè yo: Ou bezwen peye yon ti kopeman pou sèten sèvis sou Medicaid, men gen kèk fwa ou pa bezwen peye okenn kopeman.

Plis w ap janm peye nan kopeman pou Medicaid nan yon ane se \$200.

Pou yon lis Kesyon Moun Poze Souvan konsènan Medicaid, ale sou: http://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/